MIZAJOU ENPÒTAN: KOU SIPRÈM ETAZINI SOU SITWAYENTE PE NESANS 27 JEN 2025

Le 27 Jen 2025,Kou Siprèm Etazini leve entèdiksyon nasyonal ki te anpeche Dekrè Prezidansyèl Prezidan Trump lan antre an aplikasyon. Dekrè sa a refize sitwayènte pa nesans pou timoun ki fèt Ozetazini kote paran yo pa gen rezidans pèmanan, tankou moun ki sou viza tanporè (elèv, travayè, touris), moun ki gen DACA, TPS, moun k ap tann desizyon azil, ak imigran san papye. Sa vle di kounye a diferan tribinal federal yo ka deside si y ap aplike oswa bloke Dekrè Prezidansyèl sa a nan jiridiksyon pa yo, sa ki ka lakoz règleman sou sitwayènte diferan selon chak eta pandan lit konstitisyonèl la ap kontinye. Sepandan, Kou Siprèm lan te mete aksan sou sa: li PA t deside si Dekrè a legal oswa ou non e li fè konnen Dekrè a pap antre an aplikasyon pandan 30 jou.

SA VLE DI POU MOUN KI VIV NAN TEXAS

Dwa Pitit Ou genyen pou Sitwayènte ak Sètifika Nesans nan Texas

Si pitit ou fèt Ozetazini, li se yon sitwayen ameriken dapre 14èm Amannman Konstitisyon an – kèlkeswa estati imigrasyon ou genyen. Sa rele sitwayènte pa nesans. Pa gen okenn eta, menm Texas, ki ka pran dwa sa a nan men ou.

✅ Kisa Sa Ki Dwa Ou

- Yon sètifika nesans leta bay, soti nan biwo lokal rejis oswa estatistik sivil.
- Rekonesans pitit ou kòm sitwayen ameriken pou edikasyon, swen sante, ak lòt benefis.
- Dwa pou fè demann paspò ameriken pou pitit ou.

⚠️ Kisa Pou'w Veye

- Si yo di ou idantifikasyon ou "pa akseptab" paske ou san papye oswa ou pa rezidan pèmanan.
- Si yo mande plis dokiman pase sa ki nesesè, sitou si ou pa sitwayen.
- Si gen reta oswa refi pou ba ou sètifika nesans lan.

📝 Si Yo Refize Ou oswa Reta Dokiman ou

1. Ask Mande rezon an alekri.
2. Nòt tout sa k pase: non moun ou pale ak yo, dat, ak sa yo di ou.
3. Mande kopi règleman ofisyèl yo itilize pou refize aplikasyon ou.
4. Kontakte yon avoka imedyatman.

📞 Who Can Help If You Are Denied a Birth Certificate

- Texas Immigration LawCouncil –www.txilc.org
- Texas Civil Rights Project –www.txcivilrights.org
- MALDEF – www.maldef.org
- ACLU of Texas – www.aclutx.org
- Founisè sèvis legal imigran lokal yo oswa asosyasyon avoka

📣 Konnen Dwa Ou: Sa Lalwa Di

14èm Amannman: "Tout moun ki fèt Ozetazini, epi ki sou jiridiksyon li, se sitwayen Etazini..."

Ou pa bezwen pwouve estati legal ou pou pitit ou resevwa yon sètifika nesans. Tribinal federal yo repete mete aksan sou dwa sa a.